



ABIZE DWÒG KA TIYE MOUN

**Dapre Sant pou Kontwòl
ak Prevansyon Maladi
(Centers for Disease Control
and Prevention, CDC):**

- **Itilizasyon Alkòl Lakòz**
88,000 Lanmò Pa Ane
- **Karant Kat moun mouri**
chak jou nan Etazini nan
Òvèdòz Dwòg Preskripsyon

Rele plan sante Medicaid ou a pou plis enfòmasyon sou sèvis yo ofri pou ede ou sispann itilize alkòl oswa lòt dwòg.

Si ou bezwen èd pou jwenn enfòmasyon kontak pou plan ou an, oswa si ou pa enskri nan yon plan sante, rele Liy Asistans Medicaid nou an nan:

1-877-254-1055

oswa vizite

www.ahca.myflorida.com/Medicaid



AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE
2727 Mahan Drive
Tallahassee, FL 32308
www.ahca.myflorida.com


DEPATMAN TIMOUN AK FANMI
<http://myflfamilies.com/service-programs/substance-abuse>

ADMINISTRASYON POU SÈVIS ABIZE DWÒG
AK SANTE MANTAL
www.samhsa.gov

V.052018

AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE

ABIZE DWÒG AK SANTE OU



ALKÒL AK LÒT DWÒG YO AFEKTE KÒ OU NAN FASON KI DIFERAN

Si ou itilize alkòl ak lòt dwòg, ou ka vin adikte ak yo. Men kèk maladi ou ka devlope si ou pa jwenn èd pou sispann pran alkòl ak lòt dwòg:

MALADI KÈ

KANSÈ

MALADI FWA

VIH / SIDA

MALADI NAN POU MON

MALADI MANTAL

LANMÒ PREMATURE



Èske w te konnen plan medikal Medicaid ou a ofri rekonpans lè w fini yon **pwogram gratis** k ap ede w sispann itilize sibstans danjere tankou alkòl oswa lòt dwòg?

MEN SA KI DISPONIB NAN PLAN SANTE W LA:

Konsèy /antrènman – Li bay sesyon konsèy fas-a-fas oswa konsèy nan telefòn avèk yon konseye oswa yon jesyonè ka ki fòme. Konseye w la ka ede ou:

- Aprann sou danje alkòl ak lòt dwòg yo
- Konnen siy abi oswa adiksyon ak alkòl oswa lòt dwòg
- Jwenn fason pou sispann pran alkòl ak lòt dwòg
- Antre nan yon gwoup sipò ak moun ki pataje objektif ou yo
- Fè yon plan pou swiv objektif ou yo
- Jwenn yon pwogram tretman

ALE KAY DOKTÈ PREMYE SWEN W LAN



BÒN SANTE KÒMANSE NAN VIZITÈ DOKTÈ OU. Li enpòtan pou ou devlope yon relasyon ak doktè premye swen w lan. Sa a ap pèmèt doktè ou an aprann konnen ou epi pale avèk ou sou sante ou. L ap ede w konprann bezwen medikal ou yo. Sa enkli fason pou sispann pran alkòl avèk lòt dwòg.

Avantaj pou Ale kay Doktè Premye Swen w lan Olye Ou Ale nan Sal Ijans lan pou Lòt Pwoblèm Sante ki Gen Rapò ak Alkòl ak Dwòg .

- **W AP JWENN SWEN NAN MEN YON DOKTÈ KI KONNEN ENFÒMASYON SOU SANTE OU**
- **L AP PRAN MWENS TAN POU YO WÈW**